

POU KIYÈS PWOGRAM LAN YE?

Timoun ak jèn ki genyen mwens pase 22 lane yo ki pa gen diplòm lekòl segondè oswa ki pa gen yon ekivalan sètifika lekòl segondè kapab elijib pou benefisyè MEP an si yo te demenaje:

- *kèlkeswa distri kote yo ye a; pandan twa (3) dènye ane yo; ak yon paran/responsab legal oswa pou kont li; epi*
- *benefisyè yon travay tanporè oswa sezonye nan sektè agrikòl lan oswa*
- *travay nan sektè lapèch*

Travay lan dwe gen rapò dirèk ak plantasyon, kilti, rekòlte oswa transfòmasyon kilti yo, transfòmasyon pwodwi ki abaz lèt yo, vyann, pwason oswa bèt lanmè; oswa aktivite elvaj. Pa genyen okenn kondisyon sou etik, orijin nasyonal, revni, oswa lang pou benefisyè MEP an.



ESKANE MWEN

ÈSKE OU PANSE PITIT OU AN ELIJIB?

Si ou panse pitit ou an kapab elijib, tanpri rele manm ekip MEP an yo make nan feyè sa a. Yon manm ekip MEP an ap kontan rann ou vizit pou diskite si ou menm ak pitit ou an kapab resevwa sèvis yo, men li enpòtan pou rele pou ou jwenn plis enfòmasyon. Apèl sa a kapab ede ni oumenm ak ni timoun ou yo resevwa èd yo gen bezwen pou reyisi lekòl. Lè ou kontakte MEP ki nan rejyon ou an sa pa pral ede ou sèlman, li kapab ede lòt fanmi ki nan kominote migran yo pandan n ap bay sèvis nan zòn ou an. MEP kapab ede timoun ki elijib yo li kapab jwenn yo sèlman. Tanpri kontakte nou jodi a.

KONTAK:



Pwogram Edikasyon pou Migran nan Nebraska

Pwogram Edikasyon pou Migran nan Nebraska se yon pwogram Eta a jere epi gouvènman federal lan finanse. Yo kreye li pou reponn ak bezwen espesyal tout timoun travayè agrikòl ki se migran pandan y ap resevwa sèvis edikatif ak lòt sipò.



Haitian Creole

KISA PWOGRAM EDIKASYON MIGRAN AN YE?

Pwogram Edikasyon pou Migran yo (Title I Migrant Education Program, MEP) gouvènman federal lan finanse, bay timoun ki migran yo sèvis edikasyon ak lòt sipò nan tout peyi a. Pwogram lan te kreye nan lane 1966 epi te modifiye ak reyaktif plizyè fwa, nan kad Lwa sou Revisit Chak Elèv (Every Student Succeeds Act) nan lane 2015. Objektif jeneral MEP lan se pou asire timoun ak jèn ki migran yo benefisye san rezèv menm sistèm edikasyon piblik gratis lan yo bay lòt timoun yo. Pou sa rive fèt, MEP sipòte pwogram edikatif pou timoun ki imigre yo pou diminye pwoblèm edikatif epi lòt difikilte ki lye ak depasman ki repete yo.

KIJAN NOU KAPAB EDE OU?

Nou konnen li enpòtan anpil pou paran patisipe nan edikasyon pitit yo. Paran yo se premye pwofesè timoun yo. MEP pare pou li sipòte ou pou ede pitit ou an aprann ak grandi. Angajman ou pral montre pitit ou yo kijan aprantisaj enpòtan nan lavi.

KISA PWOGRAM LAN PWOPOZE?

Chak MEP ki nan rejyon ou an pwopoze sèvis an fonksyon bezwen timoun ki migran I ap sèvi yo. Sèvis edikatif yo kapab gen eleman sa yo ladan li:

- pwogram matènèl pou prepare timoun ki imigre yo reyisi lekòl
- pwogram klas pandan peryòd lete
- pwogram pou leson patikilye
- pwogram anvan ak aprè lekòl
- sèvis èd pou reyisi ak lekòl segondè
- Pwogram Seyans Etid ak Òdinatè (Portable Assisted Study Sequence, PASS)
- Pwogram Ekivalan Lekòl Segondè (High School Equivalency Program, HEP) Pwogram pou Migran ki nan Inivèsite (College Assistance Migrant Program, CAMP)
- Kontinye bay ansèyman ant ak nan mitan distri lekòl yo epi opòtinite sou bous eta a bay yo



www.nebraska.ne.gov/migrant

SÈVIS / AKTIVITE SIPÒ

Kapab gen ladan eleman sa yo:

- Konsèy Konsiltasyon Paran (Parent Advisory Council, PAC) òganize reyinyon yo ak lòt aktivite ki enplike paran yo
- rekritman nan tout Eta a pou timoun ki imigre epi ki elijib yo
- pataj enfòmasyon sou elèv nan mitan Eta yo pandan delokalizasyon an
- sèvis medikal, dantè, vizyon ak nitrisyon yo
- sèvis referans bò kote lòt ajans
- bay materyèl lekòl

Pwogram Edikasyon Migran nan Eta a oblije:

- asire yo idantifye ak abòde bezwen espesyal sou edikasyon timoun ki migran yo;
- bay elèv ki imigre yo posibilite pou metrize menm estanda kontni akademik difisil nan Eta a menmjan ak tout sa y ap atann nan men tout lòt timoun yo;
- ankouraje sèvis kowòdinasyon nan mitan ak andedan Eta yo pou timoun ki migran yo epi;
- ankouraje sèvis alfabetizasyon pou timoun ki migran yo ansanm ak fanmi yo.

Rezilta: jèn timoun yo pi byen prepare pou yo rantre lekòl, reyisi sou plan akademik, pran diplòm, epi ale nan inivèsite oswa travay.